



Pou Piblikasyon Imedya: 15/03/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PREMYE REYINYON GWROUP TRAVAY SOU
SEKIRITE METWO AK TRANSPÒ NEW YORK**

***Biwo Gouvènè a konvoke reyinyon ak pwokirè yo nan Distri a, fòs de lòd yo, meri
a ak MTA***

***Nouvo Gwoup Travay la te lanse nan kad plan sekirite senk pwen Gouvènè
Hochul la pou metwo a***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a premye reyinyon Gwoup Travay sou Sekirite Metwo ak Transpò New York la. Chanm Egzekitif la te reyini senk pwokirè distri Vil New York yo, lidè Lapolis Eta New York ak Depatman Lapolis Vil New York (New York City Police Department, NYPD), responsab sekirite piblik Vil New York ak Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transit Authority, MTA) pou kowòdone yon repons a ensidan ki sot pase yo nan metwo a.

"Menm jan ak tout Nouyòkè yo, mwen choke akòz fiziyad yè a nan Tren A. Okenn pasaje nan metwo a pa ta dwe vwayaje nan laperèz ke yo pral viktim yon fiziyad oswa koupi - epi nou ap pran mezi kowòdone pou kenbe sent yo an sekirite," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sèl fason pou rezoud dènye ogmantasyon krim nan metwo se nan kolabore nan tout nivo gouvènman an. Travay ansanm ak Majistra Adams, lapolis, pwokirè ak ofisyèl transpò piblik yo, n ap asire chak Nouyòkè pwoteje."

Majistra Vil New York, Eric Adams, te deklare, "Antanke yon ansyen ofisye transpò piblik, mwen konnen ke sekirite nan metwo a se sekirite piblik epi pote tout sistèm jistis kriminèl la sou tab la pral sèlman amelyore efò nou yo pou kenbe moun yo an sekirite. Krim ap diminye atravè vil la, men sistèm metwo nou an kle pou plizyè milyon Nouyòkè pou yo ale travay, lekòl ak wè pwòch yo. Nou dwe fè tout sa nou kapab pou asire yo santi yo an sekirite, epi mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou patenarya li kontinye."

Reyinyon jodi a nan biwo Vil New York Gouvènè Hochul la te rasanble reprezantan pwokirè Vil New York yo, plizyè ajans ki fè respekte lalwa, Meri ak Otorite Transpò Metwopoliten (MTA). Sa enkli Asosyasyon Pwokirè Distri Eta New York (District Attorneys Association of the State of New York, DAASNY) – ki reprezante pa nouvo prezidan òganizasyon an, Pwokirè Distri Staten Island Michael McMahon – ansanm ak

reprezantan Biwo Pwokirè Distri Manhattan, Brooklyn, Queens ak Bronx. Li te gen ladan tou reprezantan Lapolis Eta New York, Depatman Lapolis Otorite Transpò Metwopoliten (Metropolitan Transit Authority Police Department, MTAPD), ak Depatman Lapolis Vil New York (NYPD). Lòt patisipan yo enkli Prezidan Transpò Vil New York, Rich Davey, Asistan Majistra Adjwen pou Sekirite Piblik Louis Molina ak Biwo Jistis Kriminèl Majistra a.

Gwoup Travay pou Sekirite Metwo ak Transpò a te kreye kòm yon pati nan plan sekirite senk pwen Gouvènè Hochul pou metwo a. Y ap itilize li pou amelyore kowòdinasyon ant lapolis, pèsònèl transpò piblik yo ak pwokirè distri yo avèk objektif pou pataje enfòmasyon kowòdone pou kenbe kòm responsab delenkan danjere residivis yo responsab. Diskisyon an te gen ladann estrateji pou kowòdinasyon amelyore ak bonè nan tout minisipalite yo ak andedan yo, estrateji pou sispann moun ki residivis yo ak abòde pwoblèm yo avèk prèv. Pou ede ak pwosesis sa a, MTA a ap anboche yon nouvo Defansè Jistis Kriminèl pou ede viktim krim yo nan sistèm nan, epi MTAPD ap devlope yon nouvo sistèm avètisman bonè pou siveye delenkan ki residivis yo pou biwo avoka distri yo pandan pwosesis rezèvasyon yo.

Plan pou sekirite senk pwen Gouvènè Hochul pou metwo a te gen ladan tou 20 milyon dola pou finanse ekip SCOUT ki bay swen ak sèvis sosyal pou moun ki nan tren yo ki gen difikilte ak maladi mantal, yon ogmantasyon 1,000 pèsònèl sekirite piblik pou konplete efò NYPD pou tcheke sak owaza, nouvo lejislasyon pou pèmèt jij yo entèdi moun ki delenkan residivis yo nan sistèm metwo a, ak enstalasyon akselere kamera sekirite nan machin metwo ak kabin kondiktè yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)